



Pou Piblikasyon Imedya: 21/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMÈ FAZ NOUVO LABORATWA SANTE PIBLIK  
WADSWORTH 750 MILYON DOLA**

***Nouvo laboratwa a pral ranfòse preparasyon pou kriz sante piblik alavni yo epi pral kenbe syantifik wo nivo yo***

***"Pi gwo laboratwa sante piblik eta a nan Etazini se yon bagay enpòtan nan batay kont COVID la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a atribisyon yon kontra konsepsyon inisyal pou fè pwogrese kreyasyon yon nouvo laboratwa sante piblik dènye kri 750 milyon dola sou Konplèks Kanpis Biwo Eta Harriman nan Albany pou reponn ak nesosite sante piblik Eta New York.

"Wadsworth te sèvi kòm yon lidè global nan rechèch COVID atravè pandemi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York fyè pou li sipòte syantifik Wadsworth yo ak ekspè sante piblik yo avèk devlopman yon nouvo enstalasyon laboratwa klas mondyal pou kontinye rechèch inovatè enpòtan yo a. Nou pral kontinye montre wout la nan investi nan pi bon ekspètiz syantifik ak enstalasyon dènye kri pou ranfòse preparasyon nou pou kriz sante piblik alavni yo epi atire ak kenbe syantifik ki pi briyan yo nan monn lan isit la nan New York".

Antrepriz komen Gilbane/Turner nan kolaborasyon avèk antrepriz konsepsyon HOK te seleksyone pou konsepsyon ak konstriksyon yon nouvo laboratwa Wadsworth ki pral chèche konsolide operasyon ki aktyèlman epapiye nan plizyè enstalasyon nan Rejyon Kapital la. Kontra a pral gen ladan plizyè faz: investisman inisyal sa pral eksplore opsyon pou yon nouvo baz konsepsyon, soti nan konsolidasyon enstalasyon Wadsworth pasyèl rive nan konplè, avèk yon panorama patikilye ki vize amelyore preparasyon eta a pou byen reponn ak kriz sante piblik potansyèl alavni yo.

Laboratwa Wadsworth la, ki te jwe yon wòl santral nan konbat pandemi COVID-19 la, konsantre sou yon bann preyokipasyon sante piblik, sa gen ladan reponn ak menas sante piblik yo, etidye nouvo enfeksyon yo, analize ekspozisyon anviwònman ak lisansye laboratwa klinik ak anviwònman yo, pami yon bann lòt responsabite enpòtan. Depi kòmansman li nan devlopman tretman maladi transmisib an 1901 ak

devlopman Divizyon Laboratwa ak Rechèch an 1914, Sant Wadsworth la te grandi pou tounen laboratwa sante piblik eta a ki pi gwo ak pi divèsifye nan Etazini.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta New York la, Reuben McDaniel III, te deklare,** "Enpòtans misyon Laboratwa Wadsworth la pa te janm pi klè ke sa. Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la fyè pou li travay an patenarya avèk Depatman Sante a pou devlope sa ki pral tounen yon enstalasyon prensipal pou abòde bezwen sante piblik New York".

**Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Kòm laboratwa sante piblik Eta New York ki rekoni nan tout peyi a, Sant Wadsworth la okipe yon pozisyon inik pou reponn ak ijans sante piblik yo jan sa te demontre nan pandemi COVID-19 la. Investisman inisyèl la asire konstriksyon laboratwa dènye kri a kontinye ak ranfòse analiz ekspè sou echantiyon maladi yo ak echantiyon anviwònmantral yo pou pwoteje sante tout Nouyòkè yo".

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Nou te wè dirèkteman wòl entegral Laboratwa Wadsworth la te jwe nan ede nou konbat pandemi COVID-19 la. Investi nan preparasyon sante piblik nou pa te janm pi enpòtan ke sa, se poutèt sa garanti finansman pou nouvo laboratwa sante piblik Wadsworth 750 milyon dola a nan bidjè eta ane sa a esansyèl. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou aksyon rapid li nan anonse prim premye faz la pou nou kapab ranfòse preparasyon New York pou difikilte sante piblik alavni yo".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m wè angajman sa koresponn ak repitasyon Laboratwa Wadsworth ki rekoni mondyalman avèk laboratwa dènye kri yo. Mwen pa ka tann pou m travay pou asire investiman sa se etensèl kle pou mobilize plis investisman nan syans ak rechèch pou baskile nou vè yon triyang rechèch nan Rejyon Kapital la, youn ki sitiye nan yon Kanpis Harriman nan lès ki transfòme, konplètman entegre avèk Vil Albany. Devlope yon ekosistèm syantifik klas mondyal nan sant Rejyon Kapital la pa ta kapab pi jistifye ke sa nan kontèks pandemi COVID-19 la epi mwen felisite Gouvènè Kathy Hochul, Komisè Sante Mary Bassett, Kòlèg ak lidè Rejyon Kapital yo ak anpil lòt pou travay yo sou pwojè sa".

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare,** "Anons Gouvènè Hochul jodi a nan sa ki gen konsène premye nan anpil kontra ki gen pou wè ak konstriksyon nouvo Laboratwa Wadsworth la se bon nouvèl pou Rejyon Kapital la. Atravè ane yo, Laboratwa Sante Piblik Wadsworth te sous konsistan, fyab ak otorite pou rechèch ak tout eleman ki gen rapò ak sante piblik. Eta sa non sèlman enpòtan pou Rejyon Kapital la men tou pou eta a, nasyon an ak monn lan. Repons COVID-19 la se apèn youn nan yon long istwa repons sante piblik nan istwa nasyon nou an epi mwen kontan wè defans long dat pou kenbe ak devlope yon enstalasyon dènye kri isit la nan Rejyon Kapital la finalman rezilta reyèl".

**Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare,** "Mwen rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul paske li te franchi pwochen etap enpòtan sa pou kreye yon nouvo

Laboratwa Wadsworth nan Kanpis Harriman lan. Pwojè transfòmasyon sa pral kreye nouvo travay tanporè ak pèmanan, epi kenbe resous sante piblik enpòtan sa isit la nan Kapital New York. Konsolide laboratwa yo nan yon sèl lokal pral pèmèt plis kolaborasyon pou kontinye travay enpòtan nan batay kont COVID ak pèmèt operasyon yo nan Wadsworth kontinye ak elaji nan etidye ak reponn ak lòt menas sante piblik enpòtan yo, enfeksyon ak ekspozisyon anviwònmanal. Mwen vle bay remèsiman espesyal tou ak Delegasyon Kapital nou Senatè Breslin ak Manm Asanble Fahy ak McDonald dèske yo ede nou sekirize 750 milyon nesès pou investisman enpòtan sa nan laboratwa sante piblik ki pi gwo ak pi divèsifye nan peyi a".

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Non sèlman Wadsworth te esansyèl pou repons nou ak COVID-19 epi te etidye lòt epidemi enfektye tankou Zika ak Ebola, men tou investi nan enstalasyon sa se yon gwo viktwa pou ekonomi lokal nou an ak kreyasyon travay ki mande gwo konpetans ak peye byen. Pwojè konsolidasyon an pral gen yon efè miltiplikatè nan endistri syans lavi yo isit la nan Konte Albany ki pral sèvi pou atire lòt yo alavni, sa gen ladan devlopman ak fabrikasyon ekipman medikal, sant medikal akademik ak lòt ankò. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon li ak pou investisman enkwayab sa nan kominote nou an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418